



Mary E. Skipper, *Superintendent*

8 Bonair Street · Somerville, MA 02145-3246
mkipper@k12.somerville.ma.us · www.somerville.k12.ma.us
T 617-629-5200, x6005 · F 617-629-5611

16 desanm 2020

Chè paran ak gadyen SPS yo,

Pandan ke yo prevwa move tan semèn saa avèk anpil nèj ki pral tonbe jedi, nou planifye kontinye aprantisaj a distans kòm nou pwograme'l kèlkeswa kondisyon metewolojik yo. Nou pral fè tout sa nou kapab pou tout bagay kontinye mache pou elèv yo, men nou rekonèt ke tanpèt la ka lakòz pwoblèm kab oswa elektrisite e n'ap akomode otan ke nou kapab. N'a avize tout fanmi ak anplwaye nou yo si nou ta rankontre nenpòt pwoblèm ki gen enpak sou sistèm nan jedi. Tanpri pran nòt tou akòz kondisyon metewolojik antisipe yo, Klinik Flu Somerville jedi yo rapòte pou vandredi, 18 desanm, nan menm lè ak nan menm lokal lan. Tout randevou yo rapòte pou vandredi.

Nou ap kontinye travay sou reouvèti lekòl pandan travay vantilasyon batiman nou yo ap fini. Akòz demann entans nasyonal ak atravè lemond pou yon rezèv limite de filtè vantilasyon ki kapab diminye risk COVID-19 lan, yo te enfòme vil la dènyeman ke kòmman filtè li yo t'ap gen gwo delè akòz pwoblèm chèn ekipman sa yo, ke anyen pa t'ap kapab chanje saa, e ke ouvèti lekòl yo t'ap oblije retade jiska omwen mas. Nou pa't vle aksepte saa, donk nou solisite èd John Fish, Direktè Jeneral Suffolk Construction, pi gwo konpani konstriksyon nan New England k'ap bati nouvo lekòl segondè a kouny'a la. Nou mande li pou li kontakte lòt pwojè konstriksyon atravè peyi a pou konn si yo gen filtè yo resevwa, men yo poko bezwen yo pou batiman ki gen delè ouvèti ki pi long. Efò a te reyisi e li koupe anpil semèn nan tan pwojè konstriksyon pa nou an. Vil la ap tann dènye nouvèl sou delè preparasyon batiman yo nan men kontraktè yo bonè semèn pwochenn. Yon fwa ke nou konnen, nou pral travay pou nou bay kominote a yon nouvo orè reouvèti lekòl.

Youn nan bagay ki fè pati plan sekirite reouvèti Somerville la, se ke nou devlope yon pwotokòl konplè pou tès COVID-19 pou elèv ak anplwaye SPS yo. Semèn pase, nou demare ak siksè yon pwosesis inisyal pou tès COVID-19 chak semèn pou anplwaye meri yo ak anplwaye SPS esansyèl yo ki ap travay kouny'a la nan batiman lekòl yo e/oubyen ki gen rapò fas-a-fas ak elèv yo. Plis ke 250 anplwaye te teste avèk siksè semèn pase a avèk patenarya nou Broad Institute e Tufts University.

Finalman, yon rapèl swivan obligasyon leta, tout elèv yo oblije pran vaksen kont flu pandan sezon lagrip pi ta 30 desanm, kèlkeswa metòd y'ap aprann, epi remèt prèv la bay lekòl yo. Paran/Gadyen legal yo ta dwe voye prèv la bay enfimyè lekòl pitit yo pa faks, kourye-elektwonik, lapòs, oswa al depoze li nan lekòl la. Tanpri asire nou ke nou kontakte lekòl la epi fè aranjman si nou planifye depoze prèv vaksinasyon nan lekòl la. "Somerville Board of Health" pase yon lòd tou ki mande tout anplwaye pou yo pran vaksen kont grip flu sezonnye a anvan yo retounen nan aprantisaj anndan lekòl. Anplwaye SPS yo ta dwe remèt prèv vaksinasyon kont grip la nan biwo resous imen SPS lan.

Nou angaje pou yon retou aprantisaj anndan lekòl san danje e n'ap kontinye travay kòt a kòt ak vil la e ak sendika yo sou tout aspè plan reouvèti nou an. N'ap kontinye poste enfòmasyon ak dènnye nouvèl sou www.somerville.k12.ma.us/back-school-2020. Mèsi ankò, pou tout sa n'ap fè pou sipòte elèv SPS yo pandan moman trè difisil saa.

Avèk respè,

Mary Skipper, Direktè Prensipal